



Pou Piblikasyon Imedya: 16/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE VERIFIKASYON CHÈZ MACHIN GRATIS PANDAN SEMÈN SEKIRITE PASAJE TIMOUN YO

Yo ofri ekipman pou chèz machin gratis nan tout eta a

Verifikasyon chèz machin yo asire yon adaptasyon kòrèk ak bon enstalasyon

Yo ofri ekipman gratis sou randevou pandan tout ane a

Gouvènè Kathy Hochul ak [Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a](#) te anonse jodi a verifikasyon chèz machin gratis pou timoun pa teknisyen sekirite pasaje pou timoun ki sètifye pral disponib toupatou nan eta a pandan Semèn Sekirite Pasaje Timoun (Child Passenger Safety Week) yo, ki kòmanse jodi a epi fini avèk Verifikasyon Chèz Nasyonal (National Seat Check) la 24 septanm 2022. Evènman yo se yon pati nan yon inisyativ sekirite pandan tout yon ane kote ajans lapolis nan eta ak lokal yo, ansanm ak plizyè patnè sekirite kominotè, ofri ekipman gratis.

"Kenbe timoun yo an sekirite sou wout la kòmanse nan asire yo gen yon chèz sekirite timoun oswa chèz machin", **Gouvènè Hochul te deklare**. "New York te toujou epi l ap toujou mete sekirite timoun nou yo an premye, epi mwen ankouraje paran ak moun k ap bay swen yo pou yo pwofite opòtinite gratis sa a pou asire pitit yo byen pwoteje sou wout nou yo".

Dapre [Administrasyon Nasyonal Sekirite sou Otowout](#) (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA) la, an 2020, 755 timoun te mouri nan aksidan sikilasyon epi 42 pousan nan timoun sa yo pa te tache. Menm ane sa a, anviwon 380 te blese chak jou nan aksidan sikilasyon pandan y ap monte nan machin, SUV (veyikil espòtif), kamyonèt, ak kamyon.

Komisè Depatman Veyikil a Motè Eta New York la (Department of Motor Vehicles), ak Prezidan GTSC a Mark J.F. Schroeder te deklare, "Aksidan veyikil a motè a se yon kòz lanmò prensipal pou timoun yo, men lè yo sèvi avèk yon chèz machin kòrèkteman, chèz apwen oswa senti sekirite se fason ki pi efikas pou kenbe yo an sekirite pandan yo sou wout la. Bay paran ak moun kap bay swen yo enfòmasyon sou sekirite ak fòmasyon sou kòman pou byen enstale epi sèvi ak yon chèz sekirite pou timoun enpòtan anpil pou pwoteje lavi jèn yo sou wout nou yo".

Selon NHTSA, lè yo itilize yo kòrèkteman, chèz machin yo diminye risk pou blesi fatal nan 71 pousan pou tibebe (mwens pase yon ane) ak nan 54 pousan pou timoun piti (youn rive kat ane) nan machin pasaje yo. Pandan ke pifò paran yo kwè ke yo te byen enstale chèz machin pitit yo, chèz yo te enstale mal nan 46 pousan nan ka yo.

Teknisyen ki resevwa fòmasyon pral itilize modèl "Aprann, Pratike, epi Eksplike" pou edike moun k ap bay swen yo sou kijan pou yo chwazi yon dispozitif pou kenbe timoun yo ki pral apwopriye pou pitit yo, apwopriye pou machin yo epi kijan yo dwe itilize li kòrèkteman chak fwa.

Paran ak moun k ap bay swen yo kapab [jwenn evènman verifikasyon chèz machin Semèn Sekirite Pasaje Timoun gratis yo nan rejyon yo](#) oswa pran yon randevou nan yon [sit rejyonal apwopriye ekipman pou chèz machin nan tout ane a](#).

Anplis ekipman chèz machin yo, paran yo ak moun k ap bay swen yo ka wè yon [seri videyo](#) ki te pwodwi pa NHTSA sou enstalasyon chèz machin oswa chèz apwen apwopriye ki bay fas dèyè ak fas devan. NHTSA ofri enfòmasyon tou [sou anrejistreman yo chèz machin](#), jwenn bon chèz machin lan selon laj ak gwosè yon timoun epi gade [klasifikasyon sou tout chèz machin yo](#).

Pou plis enfòmasyon sou GTSC, vizite trafficsafety.ny.gov, oswa swiv GTSC sou [Facebook](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418